

Demand (aplikayson) pou patisipe nan lotri pou lwaye ki pa koute chè

CALA Apartments
1060 Broadway, Somerville, MA 02144

Demand yo dwe konplè, byen ranpli epi yo dwe voye yo pa
lapòs sèlman.

Demand yo dwe ale pa pita pase **2PM jou kap 5 Oktòb 2020
an, epi nou dwe soumèt yo nan youn nan fason sa yo:**

Pa mwayen lapòs:
Maloney Properties, Inc.
Attention: CALA Lottery
27 Mica Lane, Wellesley MA 02481

Pa imèl: CALA@maloneyproperties.com

Pa faks: 781-237-5078

Nou dwe soumèt ak demand lan yon prèv pou Preferans Lokal ak /
oswa Sètifikasyon Atis ak / oswa prèv ke moun nan gen 55 lane oswa
plis.

Tanpri gade Pake Enfòmasyon an pou plis enfòmasyon.

Asistans gratis pou sa ki gen pou wè ak lang epi gen amenajman rezonab ki disponib.
Pou asistans ak plis enfòmasyon, tanpri kontakte Maloney Properties, Inc.: 781-992-
5306 - US Relay 711 oswa
Imel: CALA@maloneyproperties.com

Opòtinite Lojman Egal



ENPÒTAN:

Ou ka soumèt sèlman yon demand pou chak kay. Si ou fè plizyè demand pou menm
kay la, yap elimine yo. Se yon sèl demand yap aksepte pou chak kay.

1. Nan ki lang ou ta renmen Maloney Properties kominike avèk ou? _____
Nou ka ofri sèvis entèpretasyon nan lang pòtigè, espanyòl ak kreyòl ayisyen.

2. Èske ou bezwen yon amenajman rezonab oswa yon apatman ki aksesib pou chèn woulant? Wi Non
Si wi, soumèt (anvan dat limit lan rive) ansman ak aplikasyon sa verifikasyon bezwen ou an ke wap resevwa nan men founisè sven sante ou a (doktè ou a).

Tanpri dekri bezwen ou genyen pou amenajman rezonab la:

3. Èske yon moun nan kay la gen yon kupon (oswa yon bon) Seksyon 8 oswa nenpòt lòt kalite kupon pou lokasyon mobil (MRVP, VASH, elatriye)? Wi Non (Si se non, ale nan kesyon 4 la)
*Si se wi, mete yon kopi kupon ou an nan aplikasyon sa a epi reponn de lòt (2) kesyon yo:
 Ki Otorite Lojman oswa ki Ajans ki bay kupon ou genyen an?*

Bay non, imèl ak nimewo telefòn Ajan Lokasyon ou an:

4. Èske gen yon moun nan kay la aktyèlman kap viv oswa kap travay a tan plen (32èdtan oswa plis pa semèn) nan Somerville? Wi Non
Si "wi", soumèt dokiman aktyèl yo pou resevwa preferans lan.

5. Èske gen yon moun nan kay ou a ki se yon anplwaye nan Vil Somerville? Wi Non *Se senpleman yon divilgasyon.*

6. Èske tou de moun ki alatèt kay an se etidyan a plen tan oswa yo anrejistre pou yo vin etidyan a tan plen nan semès kap vini an? Wi Non
Tanpri sonje: *Tou de moun ki alatèt kay la pa ka etidyan a plen tan; Moun kap aplike yo dwe bay verifikasyon dirèkteman de enstitisyon an.*

Kesyon sa yo fakiltatif (yo ochwa), yo pa yon obligasyon pou patisipe nan lotri a:

7. Èske ou posede yon veyikil ki genyen motè? Wi Non (Si se non, ale nan nimewo 9 la)

8. Si "wi", èske ou bezwen yon espas pou pakin? Wi Non

9. Èske w bezwen yon pèmi pou pakin rezidansyèl pou tout vil la? Wi Non Si "Wi", poukisa? _____

10. Èske ou gen kredi? Wi Non Si "Wi", endike skò kredi ou a: _____
Pwomotè a etabli egzijans pou kredi yo etabli nan kad pwosesis seleksyon aplikasyon oswa demand pou lokasyon yo.

11. Konbyen ou peye kounye a pa mwa pou lwaye (san konte sèvis piblik yo)? _____

12. Nan ki gwoup etni moun ki alatèt kay an ye? Ispanik/Latino Li pa ispanik/Latino

13. Nan ki ras moun ki alatèt kay an ye? Tanpri tcheke tout sa ki koresponn :

- Afriken-Ameriken/Ameriken Nwa Endyen/Ameridyen Alaska Azaytik Kokazyen (ras blanch)
Moun ki soti Awayi (Hawai)/ Moun ki soti nan lòt sile nan Pasifik la Mwayen Oryan/Pati Nò Afrik
Lòt

14. Nan ki peyi moun ki alatèt kay la soti? Tanpri tcheke tout sa ki koresponn :

- Bangladèch Brezil Kanada Kap Vè Lachin Kolonbi Kiba
Repiblik Dominikèn Salvadò Gana Gwatemala Ayiti Onndiras End
Iland Jamayik Meksik Nepal Nikaragwa Nijerya
Pòtigal Pòtoriko Kore di Sid USA Lòt: _____

15. Kijan ou te tande pale de opòtinite sa a? Lis Difizyon Lojman Enklizif Sit Entènèt Vil la Flyer
Jounal Fanmi/zanmi Rezo Sosyo Rechèch sou entènèt Lòt _____

16. Èske ou ta renmen ke yo mete imèl ou a nan Lis Difizyon Lojman Enklizif la (Inclusionary Housing Listserv) pou resevwa notifikasyon sou lokasyon oswa lwaye ki abòdab ak opòtinite pou posede kay ki disponib atravè Pwogram Lojman Enklizif Vil Somerville la? Wi Non *Tanpri tcheke "Non" nan kesyon ki pi wo a si ou deja resevwa alèt sou imèl ou*

CALA Apartments
1060 Broadway, Somerville, MA 02144

Moun ki alatèt kay la:

Non:	
Adrès:	
Vil:	
Eta:	
Kòd Zip (Zip Code):	
Adrès Imèl:	
Nimewo telefòn:	

Moun ki alatèt kay la (2):

Non:	
Adrès:	
Vil:	
Eta:	
Kòd Zip (Zip Code):	
Adrès Imèl:	
Nimewo telefòn:	

Maloney Properties pral kontakte moun ki fè demand yo pa imèl ak telefòn sèlman.
 Si yo pa bay yon adrès imèl, nap voye notifikasyon nan lapòs epi nap fè yon swivi nan telefòn.

Tanpri ranpli tablo ki pi ba a pou tout moun ki nan kay la ki ta ka rete nan inite a, san pa bliye ou menm:

Non konplè	Laj	Moun ki alatèt kay la oswa moun kap vin ladanl	Relasyon li genyen ak moun ki alatèt kay la (<i>egzanp pitit fi, pitit gason, manman, papa, elatriye</i>)	Èske gen moun ki nan kay la ki se etidyan a plen tan oswa ki pral genyen pou li vin yon etidyan plen tan nan pwochen semès la (YN)
		Moun ki alatèt kay la		

Èske gen yon moun nan kay la ki pral nan 3yèm trimès gwosès li avan dat lotri a?

Wi Non

Si wi, tanpri bay yon lèt ki soti kot yon doktè ki konfime sa a epi ajoute timoun ki poko fèt la kòm youn nan moun ki nan kay la

Èske gen yon moun nan kay la ki legalman marye ak yon moun ki pa nan lis la kòm yon moun ki fè pati de kay la? Wi Non

Si "Wi", bay non an, adrès, epi eksplike estati matrimonyal ou nan moman an pi ba a. Tou depan de repons lan, yo ta dwe mete moun sa a kòm yon moun ki fè pati de kay la nan kad demand sa a:

Kantite moun kap viv nan kay mwen an se: _____

Preferans Lokal:

Moun ki nan kay yo ki abite oswa ap travay a tan plen (plis pase 32 èdtan pa semèn) kounye a nan Somerville yo pral ba yo yon preferans si yo bay ansanm ak demand konplè sa yon verifikasyon ki konplè epi ki ajou.

Preferans lokal - Rezidan aktyèl yo

Pou kapab kalifye pou preferans sa a, moun kap fè demand yo dwe verifiye rezidans yo (kote yo rete a) nan bay youn (1) nan dokiman sa yo ak non yo ak adrès Somerville epi ki gen dat nan 30 jou apati de jou yo te soumèt demand konplè avan lotri a:

- Kontra Lwaye Siyen oswa yon lèt ke pwopriyetè a siyen epi ki gen dat ki idantifye moun ki fè demand lan, adrès ak prèv posesyon an kapab sifi nan kèk ka
- Anrejistremen elektè yo
- Bòdwo oswa fakti pou sèvis piblik (kouran, gaz, kab, elatriye) - dat ki sou bòdwo yo pa DWE depase 30 jou
- Relve bankè ki ajou (aktyèl)

Preferans lokal yo - anplwaye kap travay a tan plen nan Somerville

Pou kalifye pou preferans sa a, moun kap fè demand yo dwe travay nan Somerville 32 èdtan oswa plis pa semèn. Yon moun nan kay la ki travay nan Somerville dwe bay yon paystub (yon fich pèman yo ba yo nan travay la), ki gen dat ki pa depase 30 jou ki gen ladanl kantite èdtan yo te travay ak ki kote travay yo ye nan Somerville la.

Si yo pa kapab bay yon fich pèman, yo ka bay yon lèt ki di ke yap travay ke yap jwenn nan men Direktè Resous Imèn nan oswa Direktè Pewòl la ki gen antèt konpayi an ak enfòmasyon pou kontak. Lèt la dwe endike non anplwaye a, kote travay la ye a ak kantite èdtan anplwaye a pase ap travay nan Somerville chak semèn. Lèt la dwe gen dat nan 30 jou apati de dat yo te soumèt demand konplè avan lotri a:

Fanmi ki abityèlman ap travay nan Somerville men ki ap travay adistans lakay yo pandan pandemi an yo ka toujou konsidere yo pou preferans Somerville gras ak yon amenajman rezonab. Fanmi sa yo dwe jwenn yon lèt yon konpayi ak antèt konpayi an nan men patwon yo epi lèt la dwe gen ladanl, pami lòt detay ki endike piwo a, ke moun ki nan kay la ap travay lakay li tanporèman akòz de pandemi an epi tout pati yo gen entansyon pou yo retounen travay nan biwo fizik la depi li san danje pou fè sa. Lèt la dwe resan epi li dwe genyen tout detay ki espesifye nan paragraf ki anwo a.

Èske gen moun ki nan kay la ki reponn ak kritè pou preferans lokal la?

Wi Non

Koupon pou lokasyon mobil:

Si moun lakay ou gen yon koupon pou lokasyon mobil, tanpri mete li nan aplikasyon sa a.

Preferans Atist:

Èske gen moun ki nan kay la ki se yon atis Somerville Arts Council la sètifye?

Wi Non

Tanpri al gade Sètifikasyon Atist nan Pake enfòmasyon yo pou plis enfòmasyon.

Moun kap fè demand pou inite espas pou yo viv / pou yo travay yo dwe gen yon Lèt Sètifikasyon Somerville Arts Council epi yo dwe soumèt li avèk aplikasyon sa a.

Preferans pou moun ki aje:

Èske genyen omwen yon moun nan kay la ki gen laj 55 lane oswa plis?

Wi Non

Moun kap fè demand ak yon preferans pou moun ki aje dwe bay ansanm ak aplikasyon sa dwe bay prèv ki valid pou verifye laj yo.

	Chak mwa / Chak de mwa /	
--	-----------------------------	--

Kay la dwe gen ladan revni tout etidyan a plen tan ki gen 18 lane oswa plis.

Sous Revni yo gen ladan yo men se pa sa sèlman:

- **Paystubs (Fich pèman) ki soti nan W2 Employment**
- **Travay endepandan (travay ak tèt ou)**
- **Sekirite Sosyal / Envalidite Sekirite Sosyal (Social Security Disability)**
- **Chomaj**
- **Sipò pou timoun (fòmèl oswa enfòmèl)**
- **Pansyon alimantè**

Tanpri note ke Maloney Properties rezèvel dwa pou mande lòt dokiman apre li fin egzaminen demand lan. Si ou pa bay okenn dokiman siplemantè ke Maloney Properties mande yo nan dat limit li bay la, sa pral lakòz demand ou pa patisipe nan lotri an.

Nan kad pwogram maketing sa nap mete sou pye a ansanm ak pwosesis seleksyon lokatè yo, ni Pwopriyetè a ni Ajan Lotri li yo pap fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, kwayans, relijyon, sèks, estati familyal, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal oswa etnik, andikap, sitwayènte, asandans oswa eta matrimonyal, asistans piblik, idantite seksyèl oswa nenpòt lòt baz ke lalwa entèdi.

Moun ki andikape gen dwa pou mande yon amenajman rezonab nan règleman, politik, pratik, oswa sèvis, oswa pou mande yon modifikasyon rezonab nan lojman an, lè amenajman oswa modifikasyon sa yo ka nesèsè pou moun ki gen andikap yo kapab benefisye de opòtinite egal oswa gen menm chans pou itilize ak jwi lojman an.

Dat limit pou fè demand lan:

Dat limit pou voye demand lan pa lapòs pa pita ke
2 PM jou kap Lendi 5 Oktòb 2020.

Voye li bay:

Maloney Properties, Inc.

Attention: CALA Lottery

27 Mica Lane, Wellesley MA 02481

[Pa imèl: CALA@maloneyproperties.com](mailto:CALA@maloneyproperties.com)

[Pa faks: 781-237-5078](tel:781-237-5078)

Kesyon:

Anplwaye Maloney Properties yo disponib pou reponn nenpòt kesyon pandan pwosesis la.

Tanpri, pa ezite kontakte nou nan metòd sa yo

Imel: CALA@maloneyproperties.com

Telefòn: 781-992-5306 | US Relay 711

Sit entènèt: www.CALALottery.com

Kloz pou siyati:

Mwen konprann ke ajan lotri a fè enfòmasyon sa yo konfyans pou pwouve kalifikasyon moun ki nan kay mwen an pou 1060 Broadway, Somerville, MA 02144. Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ak repons ak kesyon ki piwo yo se enfòmasyon ak repons ki vrè epi yo konplè. Mwen dakò pou bay enfòmasyon ki nesèsè yo pou detèmine si mwen kalifye. Mwen konprann ke bay fo enfòmasyon oswa fè fo deklarasyon ka yon rezon pou yo refize demand mwen an.

Mwen bay konsantman mwen pou gen Ajan Lotri a verifye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a pou pwouve kalifikasyon mwen pou mwen vin yon lokatè. Mwen pral bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo epi akselere pwosesis sa a nan nenpòt fason ki posib. Mwen konprann ke revni mwen dwe elijib pou mwen patisipe nan lotri a.

Tout moun ki nan kay la ki ADILT (ki majè) yo dwe siyen anba a:

Siyati	Dat
Siyati	Dat
Siyati	Dat
Opòtinite Lojman Egal	6 OUT 2020

Lis Kontwòl pou Enskripsyon nan Lotri pou Lwaye ki Abòdab

Pi ba a se yon lis kontwòl dokiman sipò yo dwe bay avèk aplikasyon an.

- Èske ou te gen kesyon ou pat reponn? Wi Non
Verifye ankò. Si wi, demand ou an pa konplè.
- Èske ou bay tout sous revni/byen ou yo, elatriye. ? Wi Non N/A
- Èske tout moun ki nan kay la ki adilt ki gen plis pase 18 lane te siyen demand lan (aplikasyon an)?
Wi Non N/A
- Èske ou genyen 55 lane oswa plis? Èske ou mete dokiman ki pou pèmèt yo verifye dat nesans ou an?
Wi Non N/A
- Èske ou te soumèt dokiman preferans yo?
Wi Non N/A
 - Èske li gen dat ki nan 30 dènye jou yo?
 - Èske li gen non yon moun ki nan kay la?
 - Èske adrès moun ki nan kay la koresponn?
- Èske w se yon atis epi èske Somerville Arts Council la ba ou sètifikasyon? Wi Non N/A